Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

Гумбет



Гумбет районалъул газета

№ 33 (6720) 3 август 2020 с. Итни ЗулхІижа 1441 с. Багьа - эркенаб

ПОЗДРАВЛЕНИЕ

Ширухан Гаджимурадов награждён орденом «За заслуги перед Республикой Дагестан»

Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов поздравил министра транспорта и дорожного хозяйства РД Ширухана Гаджимурадова с награждением орденом «За заслуги перед Республикой Дагестан»

Глава Гумбетовского района олимпийский чемпион Хаджимурад Магомедов поздравил министра транспорта и дорожного хозяйства РД Ширухана Гаджимурадова с награждением орденом «За заслуги перед Республикой Дагестан».

Накануне Глава РД Владимир Васильев подписал указ о награждении орденом «За заслуги перед Республикой Дагестан» руководителя Минтранса региона Ширухана Гаджимурадова. В указе Главы республики сказано: «За большой вклад в реализацию национального проекта «Безопасные и качественные автомобильные дороги» наградить орденом «За заслуги перед Республикой Дагестан» Гаджимурадова Ширухана Умахановича – министра транспорта и дорожного хозяйства Республики Дагестан».

Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов отметил, что Ширухан Гаджимурадов всегда помогает родному краю, в Гумбете успешно реализуются проекты в дорожной сфере.

«Уважаемый Ширухан Умаханович! От имени всех гумбетовцев и от себя лично сердечно поздравляю Вас с получением высокой государственной награды – ордена «За заслуги перед Республикой Дагестан»!

Вас знают в Дагестане и за пределами республики как честного, порядочного управленца, специалиста высокого класса, человека большой мудрости и опыта, истинного патриота нашего края и всей России.

Вы удостоились почётного звания «Заслуженный работник транспорта РД», были награждены нагрудным знаком «Почётный автотранспортник», Почётной грамотой Министра транспорта РФ, нагрудным знаком «Почётный работник транспорта РФ», за личный вклад в развитие транспортного комплекса России и многолетнюю добросовестную работу получили медаль Павла Мельникова.

Уверен, что Вы заслуживаете еще более высоких наград. Главная Ваша награда – это доверие народа и кристально чистая репутация.

Желаю Вам крепкого здоровья, счастья, успехов во всех начинаниях, претворения в жизнь всех проектов и программ!» – говорится в поздравительном адресе главы Гумбетовского района Хаджимурада Магомедова.

РИО «Гумбет»

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

Федералиялги республикаялъулги проектазул кІудияб баракат щолеб буго

Проектал тІураялъул халгьабуна Бакълъулазул районалда

28 июлалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тІобитІана, муниципалитеталда федералиял ва республикаялъулал проектал гІумруялде рахъинариялъул бугеб хІалалъул суалал рорхараб данделъи.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас рагьана ва бачана гьеб данделъи. ГІахьаллъана федералиял, регионалиял ва муниципалиял идарабазул вакилзаби, районалъул администрациялъул аппаратальул хІалтІухъаби, учреждениязул ва гІуцІабазул нухмалъулел.

МухІамад Хъарагишиевас киналго ахІана ракІбацІадго хІалтІизе, миллиял проектал ва программаби тІуразе, гІадамазе хъулухъ ва кумек гьабизе.

«Ахириял соназ Дагъистаналда церетІеял кколел руго. Регионалъул щивав чиясе данде кколедухъ хІалтІи гІуцІизе хІаракат бахъулеб буго Дагъистаналъул бетІер Владимир Васильевас. Республикаялъул шагьаразда ва росабалъ гІумруялде рахъинарулел руго федералиял ва республикаялъулал анцІ-анцІ программаби. гІарац биччалеб букІин»,-ян абуна МухІамад Хъарагишиевас.

Районалъул бетІерасул заместителас гьединго тІадчІей

ЛъикІ гІуцІун буго налогал ракІари, гьеб гІарац харж гьабулеб буго кІвар бугел масъалаби тІуразариялъе, гІадамазул яшав лъикІлъизабиялъе. Россиялъул президент Владимир Владимирович Путин ва Дагъистаналъул халкъ божула ДРялъул бетІер Владимир Васильевасда. Нилъеда бихьулеб буго федералияб бюджеталдасан республикаялъе цІикІкІун гьабуна Россиялъул миллиял проектал гІумруялде рахъинариялъул бугеб хІалалда. «Россиялда лъикІ унеб буго «Сахлъи цІуни», «ХІинкъи гьечІел ва санагІатал нухал», «Экология», «Демография», «Тарихазулаб экономика», «ГьитІинаб ва гьоркьохъеб предпринимательлъи», «Культура», «ГІелму» ва цогидалги миллиял проектал тІурай. Бакълъулазул районалда гІумруялде рахъинарулел руго федералиял проектал «Росдал тохтур», «Росдал мугІалим», республикаялъул программаби «Дир Дагъистан – дир нухал», «Дир Дагъистан – санагІатал шагьаралъулал шартІал», «Нусго школа», республикаялъул инвестиционнияб программаялда рекъон балеб буго 250 цІалдохъанасе бакІ бугеб ЦІияб Аргъвани гьоркьохъеб школа.

Рехсарал проектал тІураялъул тІалаб гьабизе ккола гьеб масъала жидеде тІаде кколеб щибаб идараялъ ва кІвар буссинабизе ккола объектал жиндир болжалалда, качествалда хІалтІизаризе кьеялде»,-ян абуна МухІамад Хъарагишиевас. Жиндирго хъаравуллъиялде босун буго гьел проектал тІураялъул масъала Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас.

Информациялъул «Гумбет» гІуцІи

НОМЕРАЛДА РУГО:

«Инсан» фондалъ СКФО-ялъул республикабазеги кумек гьабуна

2 гьум.

ЦІияб цІалул сон байбихьилелде нухал къачІазе ккола

2 гьум.

Щвела мелъелдериеги санагІатаб парк

2 гьум.

ЦІиликьа ГІабдулбасир МухІамадов

3 гьум.

БАРКИ

Баркула Къурбан-байрам

ХIурматиял бакълъулал! Баркула тIаде щвараб Къурбан-байрам. Аллагьас къабул гьабеги хъураб къурбанги, гьабураб садакъаги, кинабго лъикIаб гIамалги Ибрагьим аварагасул (гI.с.) Къурбан гIадин.

ТIадегIанас кьеги нужее щулияб сахлъиги, талихIги, сабруги, рохелги, хириял районцоял!

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

«Инсан» фондалъ СКФОялъул республикабазеги кумек гьабуна

Дагъистаналъул муфтий шайих АхIмад Афанди гIахьаллъана Кавказалъул халкъазул ТIадегIанаб диниял советалъул данделъиялда

Гьал къояз Дагъистаналъул муфтий шайих АхIмад Афандияс гIахьаллъи гьабуна Кавказалъул халкъазул ТIадегIанаб диниял советалъул данделъиялда. Гьеб тIобитIана «Пандемиялъул заманалда диниял гIуцIабазул хIаракатчилъи» абураб темаялда.

Тадбир ана видеоконференциялъул къагIидаялда, Дагъистаналъул диниях цевехъан шайих АхIмад Афандияс жиндирго кIалъаялда баян гьабуна щивав чиясул налъилъун кколин хIажатазе кумек гьаби, абуна COVID-19 пандемиялда данде къеркьолеб заманалда дагъистаниязги, киналго россиялъулазги гьеб лъикIаб хасият загьир гьабунин.

Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас COVID-19 пандемиялда данде къеркьей гьабиялъулъ Дагъистаналъул муфтий шайих АхIмад Афандил роль баян гьабулаго абуна республикаялъе кIудияб кумек щванилан, гурхIел-рахIмуялъул «Инсан» фондалъ СКФОялъул гIемерисел республикабазда кумекалде хIажалъи бугезул рахъ ккунилан.

«Гумбет» РИО

ПУЛЬС РЕСПУБЛИКИ

«Россети Северный Кавказ» в 2020 году направят на реализацию ремонтной программы в Дагестане более 377 млн рублей

Филиал «Россети Северный Кавказ» – «Дагэнерго» проводит комплексную работу по повышению устойчивости функционирования электросетевого комплекса Дагестана.

Как сообщает пресс-центр «Россети Северный Кавказ», в рамках программы по подготовке энергооборудования к работе в осенне-зимний период 2020-2021 гг. в республике осуществляется масштабная работа по повышению качества работы межсистемных, системообразующих воздушных линий электропередачи, а также узловых и базовых подстанций.

Первый заместитель директора – главный инженер филиала «Дагэнерго» Роман Акимов сообщил, что в текущем году на объектах энергосистемы Дагестана планируется провести ремонт и техническое обслуживание на сумму свыше 377 миллионов рублей.

РИО «Гумбет»

ЗИГАРА

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас, районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз, «Гумбет» информотделалъ ва редакциялъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Дагъистаналъул муфтий шайих АхIмад Афандиясда, ункъгIал ХIафсат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хвараллъе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе щулияб сахлъиги халатаб гIумруги кьеги. Амин.

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

ЦIияб цIалул сон байбихьилелде нухал къачIазе ккола

Нухазда хьвадиялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул комиссиялъул данделъи

Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана муниципалитеталда нухазда хIинкъи гьечIого хьвадиялъул низам чIезабиялъул комиссиялъул данделъи. Данделъи рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас.

Данделъиялда гIахьаллъана Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул ОГИБДДялъул нухмалъулев Расул Ахкубегов, росабазул поселениязул бутIрул ва цогидалги.

Данделъиялда гьоркьор лъуна «ЦIияб цIалул соналда байбихьилелде школазде ругел къватIал ва нухал хIинкъи гьечIеб хIалалда чIезариялъул, лъаязул къоялде РФялъул законазул тIалабазде данде кколеб хIал гьениб букIинабиялъул хIакъалъулъ», «Росабазда жанисел нухазда бугеб хIалалъул ва 2020 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIелалда районалъул ракьалда аварияль ккеялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ» суалал.

Гьел суалазда тIасан кIалъана Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул ОГИБДДялъул нухмалъулев Расул Ахкубегов.

Данделъиялда кIалъазе рахъана росабазул поселениязул бутIрулги.

Ахиралда къабул гьаруна автотранспорт хьвадулел нухал хIинкъи гьечIеб хIалалда чIезариялде ралагьарал хIукмаби.

«Гумбет» РИО

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

Щвела мелъелдериеги санагIатаб парк

МелъелтIа росулъ паркалъулаб зона гьабулеб буго

Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъ гIумруялде бахъинабулеб буго Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасул цебе лъураб ва гьес лъикIаблъун рикIкIараб «Дир Дагъистан – санагIатал шагьаралъулал шартIал» проект.

Проектал тIуразариялда хадуб халкъияб хъаравуллъи кколев жамгIияв хIаракатчи Набигула АхIмадибировас баян кьуна МелъелтIа росулъ паркалъулаб зона гьабиялъе тендер «Нуцал» ОООялъул бергьанин .«Районалъул централда унел руго паркалъулаб зона къачIаялъул хIалтIаби.

Гьеб бакI буго Чалаби МухIамадовасул цIар кьураб МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул минаялда аскIоб, Школьная къотIноб. Паркалда букIине буго лъималазе байданги. Школа аскIоб букIиналъги, цIалдохъабазе чара гьечIого хIажатаб бакIлъун лъугьине буго гьеб. Гьенир лъезе руго скамейкаби, фонарал, хIухьбахъиялъе хIажатаб оборудование. Баркала загьир гьабула «Дир Дагъистан – санагIатал шагьаралъулал шартIал» проекталъухъ Дагъистаналъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевич Васильевасе ва Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад СайгидмухIамадович МухIамадовасе»,-ян абуна Набигула АхIмадибировас.

Араб соналъ «Дир Дагъистан – санагIаталал шагьаралъулал шартIал» проекталда рекъон, берцин къачIарал паркал рагьана Гьоркь Инхо, ЦIияб Аргъвани росабалъги.

«Гумбет» РИО

ТУРИНДУСТРИЯ

Этнодом в селе Чирката становится все более популярным

Возрос интерес российских туристов к СКФО

Специалисты аналитического центра Общенационального союза индустрии гостеприимства (ОСИГ) провели мониторинг рынка туриндустрии СКФО и пришли к выводу, что в 2020 году туристы из других округов и регионов страны охотнее приезжают отдыхать в наш округ.

Среди излюбленных маршрутов в Дагестане упоминаются поездки в аул-призрак Гамсутль, рекреацию в с. Миатли и другие направления. Об этом сообщает ТАСС. Отметим, что много туристов из других регионов России посещают и этнодом в селе Чирката Гумбетовского района.

Глава Гумбетовского района олимпийский чемпион Хаджимурад Магомедов, комментируя нашему сетевому изданию раскрытие туристического потенциала Дагестана, подчеркнул, что в регионе имеется благоприятная среда для дальнейшего развития этнотуризма, экотуризма и других направлений данной индустрии.

РИО «Гумбет»

2020 -РАКIАЛДЕ ЩВЕЯЛЪУЛ ВА РЕЦЦАЛЪУЛ СОН

Гъоркь Инхоса МухIамад Хасаев

Бакълъулазул районалъул Гъоркь Инхо росулъа МухIамад Хасаев КIудияб ВатIанияб рагъде ана 1942 соналъул февралалда. ГIурус мацI лъангутIиялъ гьев тана хъаравуллъиялъул батальоналда. Нилъераз асирлъуде росарал немцал цIунулаан гьес. ТIад къараб иш тIубазе ритIухъав мухIканав рагъухъан вукIана МухIамад.

Гитлерилазда тIад бергьенлъи босараб 1945 соналъ рокъове вачIана. ХIалтIана гIагараб росдал колхозалъул ахихъанлъи цебетIезабиялда.

Гъоркь Инхоса МухIамад ХIайбулаев

1922 соналъ Гъоркь Инхо росулъ гьавуна МухIамад ХIайбулаев. Гитлерилаздаса гIагараб ВатIан цIунизе ана 1942 соналъ.

Рагъда захIматго лъукъарав МухIамадги гьалмагъзабиги немцазухъе асирлъуде ккана. ГIемер заманалъ гIазаб –гIакъуба хIехьана. Абизе бегьула гьес лъелго Европаялъул пачалихъазул ракьалдасан гIемер нух нахъа танин. Германиялде щведал асирлъиялдаса американалъулаз эркен гьаруна гьел. Гьалмагъзабиги МухIамадги Италиялде, Африкаялде щун руго. Гьенисан СагIудиязул ГIарабиязул Джида шагьаралдеги ун, Москваялде рачIун руго. Инвалидлъунги вахъун МухIамад тIад вуссана 1945 соналъ.

Гъоркь Инхоса МуртазагIали ХIасанов

Гъоркь Инхо росулъ 1907 соналъ гьавуна МуртазагIали ХIасанов. ГьитIинго эбелэменги хун, бесдаллъи бихьана, балугъллъиялде вахинелдего вехьлъун хIалтIана.

Фашистазда данде вагъизе ана жиндиего бокьун 1941 соналъ. Артиллериялъулаб полкалда хъулухъ гьабуна. Ворошиловградалдаса байбихьун, Япониялъул гIорхъоде щвезегIан рагъда гIахьаллъана.

МуртазагIалица бицунаан рагъда ракъи-къеч хIехьезе ккеялъул, рохьил пихъ, хIатта миккил гъотIол тIамах кванан хвасарлъиялъул, рохьоб немцаз загьруги гьорлъе жубан реххараб чед кванан солдатал хвеялъул.

Рагъда лъукъарав МуртазагIали лъабго моцIалъ госпиталалда сах гьавуна. 1944 соналъ рокъове витIана. Росулъ вехьлъун хIалтIана, тIуразаруна цогидал хIалтIабиги.

Къадаралде щвана 1984 соналъ.

Муса Расуловасул «Гумбеталъулал къункърабазул тIелалъулъ» абураб тIехьалдаса

ЦIиликьа ГIабдулбасир МухIамадов

Бакълъулазул районалъул ЦIиликь росулъ 1911 соналъ гьавуна ГIабдулбасир МухIамадов. КIудияб ВатIанияб рагъде ана 1942 соналъул 11 январалда.

Фашистаздаса шагьаралги росабиги эркен гьарулаго гIемерал захIмалъаби дандчIвана, хIатIазул килщаздаса ватIалъана. Рокъове тIад вуссана 1945 соналъ. ХIалтIана гIагараб росдал колхозалъул вехьлъун.

Къадаралде щвана 1979 соналъ.

ГIазра Абакарова

ЦIиликьа ХIосенхан Каримов

1922 соналъ ЦIиликь росулъ гьавуна ХIосенхан Каримов. Гитлерилазда данде вагъизе унеб мехалъ 18 сон гурони тIубан букIинчIо гьесул. 1941 соналъул 13 сентябралда ахIана советияб армиялде.

ХIосенхан тушманасда данде вагъулев вукIана 626-аб. кьвагьдохъабазул полкалъул 151-аб кьвагьдохъабазул дивизиялъул рагъухъабазда цадахъ. Кодоре щварал баяназда хъвалеб буго Кабардино-Балкариялъул Терский районалъул Нижний Куры росулъ араб бакI лъачIого тIагIанин абун.

ГIазра Абубакарова, ЦIиликь росдал библиотекаялъул нухмалъулей

2020 – РАКIАЛДЕ ЩВЕЯЛЪУЛ ВА РЕЦЦАЛЪУЛ СОН

1942 сон - нилъер улкаялъе бищун захIматаб рагъулаб сон

Нилъер улкаялъе бищун захIматаблъун букIана 1942-абилеб рагъулаб сон. Бигьаяб букIинчIо гьеб районалъул нухмалъулезеги.

Гьеб заманалда Гумбеталда партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIулев вукIарав М. Эльдаровасул нухмалъиялда гIуцIун рукIана истребительниял отрядал. Гьез колхозазе кумек гьабулеб букIана гIаммаб буголъи цIунизе. Гьоркьо-гьоркьор камун рукIинчIо гIи-боцIи бикълел, хъачагъльи гьабулел, рагъде инчIого рахчарал гIадамал.

1942 соналъул хасалил заманалда ЦIиликь росулъа рикъун ратана гIаммаб магIишаталъулги, гIадамазулги рекьи, лал тIами гьабулел, гьокоялда ран росдал магIишаталъул нигIматал хурзабахъа раччулел оцал. Гьебго соналъ яргъид гIуцIарал хъачагъал гьеб росулъе рачIун ратана колхозалъул гIи-цIани хъамизе. Вехьасухъ ярагъ букIиналъ, хъачагъал чIорого тIад руссине ккана. Амма хадусеб нухалъ, вехьги вухьун колхозчагIазул 650 чахъу бикъун батана. Гьединалго хIужаби цоги росабалъги ккана. РахIат хвезабулеб жо букIана Чачаналъа рачIараз гIи-боцIи бикъи. ЦIодорго чIезе ккколаан. Районалда парахалъи, гIадамазулги колхозазулги буголъи цIуниялда, магIишат цебетIезабиялда кIудияб бутIа лъуна 15-16 сон барал гIолилаз. ВатIан цIунизе аразул бакI ккуна гьез. Истребительнияб отрядалъул хIаракатчагIи рукIана гIун рачIунел гьел васал. Гьединазул цояв вукIана НКВДялъул фельдъегерлъунги истребительнияб отрядалъул рагъухъанлъунги вукIарав тIад Инхоса гIолилав МухIамадзагьид ГIабдулатIипов. Дагъистаналъул кавалерийскияб эскадроналда гьел соназ гIахьаллъана Гумбеталдаса 25 чи. Гьезул гIемерисел гIумруялдаса ратIалъана.

МелъелтIаса Янгъулби ГъазихIмаев гIахьаллъана Кавказ цIуниялъе гIоло рагъда, мустахIикълъана шапакъатазе . 1942 соналъ араб бакI лъачIого тIагIана.

КIудияб ВатIанияб рагъде 1942 соналъул ихдал ана МелъелтIаса ГIумархIажи ГIабдурахIманов. Гьесул хIакъалъулъ гIемер хъвана фронталъулал газетазда. 55-абилеб гвардейскияб полкалъул мухъилав ГIабдурахIман нахъекъай гьечIого унаан тIадкъай тIубазе.

(Ахир-ункъабилеб гьум.)

ЦIАЛДОЛЕЗУЛ КАГЪТАЛ

Бакълъулазул районалъул росабазул цIарал

Гумбет-бакълъул рахъ. ЛъарагI рагIи – Гум-бакъ, бет-рахъ. Гьеб рагIиялде данде ккола магIарул цIар – бакълъулал. Бакълъул рахъалъ гIумру тIамун ругел гIадамал.

МелъелтIа – районалъул центр. БачIараб буго гIандадерил рагIиялдасан. Милъилъи (милъа) гьелъул магIна буго бакъ. ГIандадерил лъа, магIарул тIа. БакIалъул падежазул цого магIнаялъул лъугIелал. Росу буго кьурул лабалаб, болъо ккараб бакIалде балагьараб бакIалда.

Ингишо – бачIараб буго гIадамасул Иги цIаралдасанги ва шоб мегIералдасанги. Росу буго цо рахъалдехун буссараб хадур цере ругел мугIрузул рахасазда.

ЛъаратIа - лъаралда тIад абураб. ХIакъикъаталдаги росу буго лъаралда тIаде балагьараб бакIалда.

ЦIиликь - гьеб цIар бачIараб буго ТIелекь росдал цIаралдасан. Гьелъие далиллъун рикIкIунеб буго кIиябго росдал гара-чIвари цоцазда релълъараб букIин. Гьеб росу гIуцIараб буго ТIелекь росдал гIадамаз.

Щабдухъ – гьеб бачIараб буго цIум абураб рагIиялдасан. Гьениб нагагьги къо букIунаро гьаваялда цIумаз ва чудказ свери бахъичIеб.

ИчичIали – бачIараб буго Ичи ва ЧIали цIараздасан. ГIадамазул биценалда рекъон тIоцере гьенир гIумру тIамун рукIун руго вацал Ичи ва ЧIали. Росу буго кIиго гьитIинаб гохIккелалда. Цояб гохIккелалде абула Ичи авал. Цогидаб гохIккелалде ЧIали авал.

Гъадари – бачIараб буго гъадаро абураб рагIиялдасан. Чанго нусго соналъ цебе гьанжесел гъадарисез гIумру гьабун букIана Кьохъ росдадаса гIемер рикIкIад гьечIеб бакIалда. КIиго тухумалъул бидулаб тунка –гIусиялъул хIасилалда гьел гьениса лъутизе ккана ва балагьана тушманасдаса цIуниялъе санагIалъи бугеб бакI. Аргъвани росдал ракьалде щведал гъадарисез гьениб сордо бана. Гьеб бакIалъул санагIалъи ва тIаде гIадамал рачIине захIматаб бакI букIин бихьун, лъутараз ракьалъул бетIергьабазда гьарула гьенире гочине изну. Гьез ракьалъул бетIергьабазе рагIи кьола меседил гъадаро кьезе. Гьелдасан бачIараб буго гъадароялъухъ бичун босараб абун.

ЧIиркъатIа (Чирката) – чIахIиял чагIазул биценалда рекъон гьезул Урку абулеб бакIалде мадугьалихъ ругел гIадамазул гIи-цIани рачIунаан. Гьеб мухъ хIалтIизабулаан лъарагIлъиялда ругел хасалил мучIдул хIисабалда. Киналго ракIарарал бакIазде абулаан ЧIиркьа. Риидалил заманалда гьениб багIари бахуна 40 градусалде.Чирхатда тюрк мацIалда рахъу абураб рагIи буго. ГIибоцIи гочунеб бакI хIисабалда, гьаб сагIатги гьенире рачIуна гIи-боцIуда хасел тIамизабизе къватIиса гIадамал.

Игьали – бицен буго гьанже росу бугеб бакIалда рохь букIанин. Цо нухалъ гьенире рачIарал чанахъаби хIайранлъун руго гьенир ругел гIалхул хIайваназул гIемерлъиялъ, тIабигIаталъул берцинлъиялъ ва кидагоялъе гьенир чIана. Чанахъабазул мацI релъараб букIана гьанжесаеб магIарул мацIалда. Гьезул рагIулъ букIунароан тI, хI хIарпал. Гьединлъидал тIегьалеб рагIул бакIалда гьез абулаан игьалиб абун.

Инхо – гьеб лъугьараб буго их абураб рагIиялдасан. Риидалил заманалда гьенисан рачIуна гIемерал ихал.

Аргъвани – абураб цIар бачIараб буго кIиго вац Аргъун ва Аркун абулел гIадамаздасан. Росу ккураб буго Шамалдаса рачIарал гIадамаз. Росдал гIадамазул цо бутIа буго чачаназул ракьалда Аргул гIоралда сверухъ.

Килалъ - бачIараб буго каналдасан. Гьенир гIемер рукIана накIкIил гъутIби ва гьездасан гьабулаан кан.

Кунзахъ – абураб цIар бачIараб буго Хунзахъ районалъул центр Хунзахъ абураб цIаралдасан. Гьел гIадамаз гIумру тIами гьабулеб букIун буго чадрахъ ва къотIулеб букIун буго жидеего хIажаталъе рохьал. Росоялде цIар (доб заманалда кули) бачIараб буго Хунзахъ росдадасан. Росу ккурал чагIиги рукIун руго хундерил гIадамал.

Лъанлъари – Игьали росдал Советалде кколеб кули. Биценалда рекъон, гIандадерил ханас жиндирго вас Магьдие гьарун йиго хундерил ханасул яс. Ханас гьадинаб шартI лъун буго: яс кьелин Магьдие, гьесул инсуца гIумру тIамизе балагьани жаниблъиялда ругел ахал лъалъазе гIорул яги лъарал лъим бугеб бакI. ГIемераб заманалда балагьун буго гIандадерил ханас гьединаб бакI. Ахирги батун буго гIандадерил гъойсуялъул жаниблъиялда гIор чвахулеб бакI. Гьенир данде гьаруна васги ясги. Бана кIудияб кIалгIа ва гьенир гIумру тIами гьабизе тана бахIарал. ЦIар бачIараб буго Лъана- Лъар, ай Лъанлъари. ГьабсагIатги Игьалир руго Магьдил тухумалъул чагIи.

ЦIаналъ – бачIараб буго цIани абураб рагIиялдасан. Гьеб буго цIани хьихьизе санагIатаб бакI. Руго тIабигIиял шартIал, гьелъ рес кьола тIубараб лъагIелалъго (гIодосан кванан) цIани хьихьизе.

ЧIикь – гьеб росдал ракьалда рижула хъархъал, хIатIазде гъоркье ккани чIикь абун гьаркьал рахъунел.

Баянал ритIун рачIана ЧIиркъатIаса ХIадисил Камилица

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

Дистанционное мошенничество: их способы и виды

Мошенники год за годом придумывают новые способы завладения денежными средствами граждан. Несмотря на предпринимаемые сотрудниками полиции профилактические меры на территории региона продолжают иметь место случаи мошенничеств.

Злоумышленники постоянно совершенствуются и изобретают все новые схемы завладения денежными средствами доверчивых граждан. Можно выделить несколько наиболее распространенных преступных схем бесконтактного мошенничества, используемых аферистами.

«Мошенничество с предоплатой»

В последнее время участились случаи совершения мошенничеств с использованием популярных сайтов и социальных сетей. Ситуации могут развиваться по нескольким направлениям:

— Мошенники размещают на сайте объявления о продаже по низким ценам каких-либо вещей, техники, транспортных средств, недвижимости и т.п., затем просят покупателя внести предоплату, а после перевода денежных средств номер лже-продавца перестает отвечать.

-Противоположная ситуация, когда гражданину, разместившему на популярных сайтах объявление о продаже своего имущества, поступает звонок от, якобы, потенциального покупателя. Мошенник предлагает перевести предоплату за товар и для этого запрашивает реквизиты банковских карт продавца, получая тем самым доступ к денежным средствам, находящимся на его счетах.

«Взлом аккаунта в социальных сетях»

Мошенники, пользуясь беспечностью граждан, путем использования специального программного обеспечения, получают доступ к страницам пользователей социальных сетей. После чего злоумышленники от имени пользователя запускают рассылку сообщений всем контактам «взломанной страницы» с просьбой оказать материальную помощь в сложной жизненной ситуации или дать в долг.

«Ваша карта заблокирована»

Еще один способ мошенничества, неоднократно освещаемый в СМИ, однако, не теряющий своей актуальности. Гражданину звонит незнакомец, представляясь сотрудником банка, и сообщает о блокировке банковской карты, либо на телефон приходит соответствующее СМС-сообщение. Чтобы решить эту проблему, злоумышленник, под предлогом уточнения информации, выясняет данные карты или вынуждает гражданина самостоятельно воспользоваться банкоматом, набрать определенную комбинацию цифр и, тем самым, совершить операцию по переводу своих денежных средств на сторонний счет.

«Ваш родственник стал виновником смертельного ДТП»

Не перестает пользоваться успехом у аферистов старая стандартная мошенническая схема, когда злоумышленник звонит на стационарный или мобильный телефон, представляется сотрудником полиции и сообщает гражданину о том, что его сын (дочь) задержан (а) за совершение тяжкого преступления, либо кто-то из родственников стал виновником ДТП, в результате которого под колесами его автомобиля погиб человек. Для того, чтобы родственнику избежать уголовной ответственности, мошенник предлагает заплатить определенную сумму денег. Деньги, как правило, просят передать курьеру или перевести через платежный терминал на указанный расчетный счет или телефонный номер.

Уважаемые граждане!

Соблюдение элементарных правил поможет вам не стать жертвой мошенников и сохранить личное имущество. Потерпевшими от преступных действий злоумышленников становятся не только излишне доверчивые пенсионеры, но и молодые люди. Поэтому стоит как можно чаще напоминать своим родственникам и знакомым о том, как действуют мошенники и объяснять, что ни при каких обстоятельствах не следует перечислять деньги незнакомым людям или сообщать свои персональные данные, логины, пароли и коды банковских карт.

— Не торопитесь предпринимать какие-либо действия, если на ваш телефон поступили сообщение или звонок с просьбой о незамедлительной помощи родственнику, якобы попавшему в неприятную ситуацию или о блокировании вашей банковской карты.

При получении сообщения о заблокированной банковской карте следует перезвонить на номер круглосуточной справочной службы, указанный на карте, а не на номер, присланный в сообщении.

-ОТНЕСИТЕСЬ БОЛЕЕ ОТВЕТСТВЕННО К СОЗДАНИЮ ПАРОЛЕЙ И ЛОГИНОВ К СВОИМ ЛИЧНЫМ СТРАНИЦАМ, СТАРАЙТЕСЬ ЧАЩЕ ИХ МЕНЯТЬ И НЕ ИСПОЛЬЗОВАТЬ ОДИН ПАРОЛЬ ДЛЯ ВСЕХ ВОЗМОЖНЫХ СЛУЧАЕВ.НЕ СООБЩАЙТЕ НИКОМУ PIN-КОД И CVV2-КОД КАРТЫ (ЦИФРЫ С ОБРАТНОЙ СТОРОНЫ КАРТЫ), А ТАКЖЕ СРОК ЕЁ ДЕЙСТВИЯ И ПЕРСОНАЛЬНЫЕ ДАННЫЕ ВЛАДЕЛЬЦА. НИ ОДИН БАНК НЕ БУДЕТ ПО ТЕЛЕФОНУ ЗАПРАШИВАТЬ У ВАС ЭТИ РЕКВИЗИТЫ. ДЛЯ ЗАЧИСЛЕНИЯ СРЕДСТВ НА ВАШ СЧЁТ ДОСТАТОЧНО ЛИШЬ 16-ЗНАЧНОГО НОМЕРА, УКАЗАННОГО НА ЛИЦЕВОЙ СТОРОНЕ КАРТЫ.

НЕ СООБЩАЙТЕ НЕИЗВЕСТНЫМ ЛИЦАМ ПИН-КОД ДЛЯ ВХОДА В ВАШ ОНЛАЙН-БАНК — ДЛЯ ПЕРЕВОДА ДЕНЕЖНЫХ СРЕДСТВ ЭТО НЕ ТРЕБУЕТСЯ.

НЕ ИСПОЛЬЗУЙТЕ КАРТЫ СО СВОИМ ОСНОВНЫМ ФИНАНСОВЫМ КАПИТАЛОМ ДЛЯ ОПЛАТЫ ТОВАРОВ И УСЛУГ В СЕТИ ИНТЕРНЕТ.

НЕ РЕКОМЕНДУЕТСЯ ВХОДИТЬ В ИНТЕРНЕТ-БАНК С ЧУЖИХ КОМПЬЮТЕРОВ ИЛИ ИЗ НЕЗАЩИЩЕННЫХ ПУБЛИЧНЫХ СЕТЕЙ WI-FI.

НА ЛИЧНОМ КОМПЬЮТЕРЕ, СМАРТФОНЕ, ПЛАНШЕТЕ УСТАНОВИТЕ АНТИВИРУСНОЕ ПРОГРАММНОЕ ОБЕСПЕЧЕНИЕ И СВОЕВРЕМЕННО ЕГО ОБНОВЛЯЙТЕ.

НЕ СКАЧИВАЙТЕ ФАЙЛЫ ИЗ НЕПРОВЕРЕННЫХ ИСТОЧНИКОВ (ФАЙЛООБМЕННЫЕ СЕРВИСЫ, СОЦИАЛЬНЫЕ СЕТИ). НЕ ПЕРЕХОДИТЕ ПО ССЫЛКАМ НА ИНФОРМАЦИОННЫЕ РЕСУРСЫ, ПОЛУЧЕННЫМ ОТ СОМНИТЕЛЬНЫХ ИСТОЧНИКОВ. НЕ ОТКРЫВАЙТЕ ФАЙЛЫ ИЗ ПОДОЗРИТЕЛЬНОЙ ЭЛЕКТРОННОЙ ПОЧТЫ.

— При покупке товаров в сети «Интернет» нужно помнить, что современные технологии позволяют за считанные минуты создавать в Интернет-пространстве сайты, страницы, аккаунты в социальных сетях. Мошенники активно используют данную возможность, привлекая потенциальную жертву, прежде всего, низкими ценами, быстрой доставкой и качеством предоставляемых товаров или услуг, при этом злоумышленники требуют предоплату.

НЕ ДОВЕРЯЙТЕ ВИРТУАЛЬНОМУ СОБЕСЕДНИКУ, ЕСЛИ ЕГО АККАУНТ НЕДАВНО СОЗДАН. НЕ ПЕРЕЧИСЛЯЙТЕ ДЕНЬГИ, НЕ УБЕДИВШИСЬ В БЛАГОНАДЕЖНОСТИ ПРОДАВЦА И НЕ УВИДЕВ ТОВАР В РЕАЛЬНОСТИ.

— НЕ ПРОИЗВОДИТЕ РАСЧЕТЫ ЧЕРЕЗ НЕПРОВЕРЕННЫЕ САЙТЫ.

ПОСТАРАЙТЕСЬ ОПЛАТИТЬ ТОВАР «ИЗ РУК – В РУКИ» ПРИ ЕГО ПОЛУЧЕНИИ В ХОДЕ ЛИЧНОЙ ВСТРЕЧИ

Исагаджи Шарипов

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

В Гумбетовском районе идет операция «Мак-2020»

С 27 июля по 5 августа 2020 года на территории Гумбетовского района проходит 2-й этап оперативно-профилактической операции «Мак-2020».

Основные цели – обнаружение и ликвидация незаконных посевов наркосодержащих растений, выявление и привлечение к ответственности лиц, выращивающих их.

Принять меры по уничтожению наркотикосодержащих растений, не дожидаясь административного или уголовного воздействия - обязанность каждого гражданина.

Культивирование на земельных участках наркотикосодержащих растений или непринятие землевладельцами и землепользователями мер по их уничтожению, влечет за собой ответственность согласно действующему законодательству РФ.

Статья 231 УК РФ незаконное культивирование растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры.

Санкция – штраф в размере до 300 тыс. руб., ограничение либо лишение свободы на срок до двух лет.

Те же деяния, совершенные группой лиц по предварительному сговору или организованной группой в особо крупном размере, наказываются лишением свободы на срок до 8 лет.

Статья 10.5. КоАП РФ. Непринятие мер по уничтожению дикорастущих растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры.

Санкция- административный штраф на граждан в размере от 1,5 до 2- тысяч рублей.

Статья 10.5.1. КоАП РФ за незаконное культивирование растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры.

Санкция- административный штраф на граждан в размере от 1,5 тысячи до 4 тысяч рублей или административный арест на срок до 15- суток.

Уважаемые Гумбетовцы!

Противостояние смертельной опасности - наше общее дело.

Если у Вас есть информация о фактах незаконного обращения с наркотиками, случаях их распространения и потребления вовлечения в это дело молодежи, наркоторговле, незаконном культивировании наркосодержащих растений, местах дикорастущих растений – сообщите по телефону доверия ОМВД: 262-04, 89289580871 (круглосуточно).

Шамиль Мажидов,
начальник ОМВД России по Гумбетовскому району,
подполковник полиции

1942 сон - нилъер улкаялъе бищун захIматаб рагъулаб сон

(Байбихьи - лъабабилеб гьум.)

ГIемер вахана Крымалъул мугIрузде. Гьев вукIана разведчик. БахIарчиго вагъана тушманасда данде ва 1944 соналъ къадаралде щвана. Вукъун вуго Одесса областалъул Сафьяны росулъ. Гьеб росдалги МелъелтIа школалъул цIалдохъабазулги гIемер заманалъ цоцалъ кагътазул бухьенал рукIана.

МелъелтIаса Астемир ГIабдурахIманов рагъде ана 1941 соналъ. Ункъго соналъ вагъана батIи-батIиял шагьаразда, росабалъ тушманасда данде. 1945 соналъул февралалда Кенигсбералда гIагарлъухъ чIвана гьев фашистаз.

МелъелтIаса Бекмирза Мавлутовасул хъизаналдаса лъабгоял ана ВатIан цIунизе. Лейтенант АхIмад Бекмирзаев рагъде ана 1942 соналъ. 267 абилеб кьвагьдохъабазул дивизиялда вагъулаго, 1943 соналъул 26 ноябралда Херсон областалда араб бакI лъачIого тIагIана.

Багьавудин Бекиев гьавуна МелъелтIа 1908 соналъ. Рагъде ана 1942 соналъ. Бергьенлъиялъул къо тIаде щвелелде 1945 соналъ араб бакI лъачIого тIагIана.

Муса Расуловасул
« Гумбеталъулал къункърабазул тIелалъулъ» абураб тIехьалдаса

Бетlерав редактор
Хlамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
TIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.